

## Evalyasyon otantik: Mezire pwogrè ak devlopman pitit mwen an

Ane lekòl sa a, fanmi w ka fè eksperyans nouvo estil aprantisaj ak zouti pou sipòte devlopman pitit ou. Youn nan zouti ekip anseyan pitit ou a pral itilize yo rele evalyasyon otantik, ki ap ede li avèk oumenm aprann plis bagay sou devlopman pitit ou.

### Kisa evalyasyon otantik (authentic assessment) ye?

Evalyasyon otantik se zouti ekip anseyan itilize chak jou pou konprann:

- Sa timoun yo konnen ak sa yo ka fè.
- Kijan timoun devlope.
- Kisa yo ka fè pou yo ede timoun devlope

### Kòman evalyasyon otantik fonksyone?

Lakay ou, ou evalye bagay chak jou. Ou tcheke pou wè si pitit ou santi l byen lè li reveye. Ou gade jan li konpòte l avèk zanmi li epi mande ki jan li santi l. Ou gade kisa ki enterese l. Tout obsèvasyon sa yo ede w konprann pitit ou a ak fason ou ka ede l grandi. Ekip anseyan pitit ou a itilize evalyasyon otantik pou anpil bagay nan menm jan an. Pandan ekip anseyan an ap sipòte sa timoun yo ap eksplòre, yo obsève, poze kesyon ak fè foto timoun yo pou kapte sa y ap aprann pandan jounen an.



### Kòman yo itilize enfòmasyon ki nan evalyasyon otantik

Yo itilize evalyasyon otantik pou konprann kòman timoun reflechi, devlope ak aprann. Li ede fanmi, pwofesè ak pwogram nan diferan fason.



*Ou ka itilize evalyasyon otantik pou:*

- Konprann kijan pitit ou a aprann pi byen.
- Konprann kòman pou sipòte pi byen aprantisaj pitit ou.
- Pataje enfòmasyon konsènan pitit ou a avèk ekip anseyan pitit ou.



*Ekip anseyan yo ka itilize evalyasyon otantik pou:*

- Konprann kapasite pitit ou a pran desizyon osijè kòman pou ede li kontinye grandi.
- Planifye ak sijere aktivite chak jou dapre kapasite ak sa ki enterese pitit ou.
- Kominike avèk fanmi ak moun k ap pran swen regilyèman pandan ane an.



*Pwogram yo ka itilize evalyasyon otantik pou:*

- Kòmande materyèl pou sipòte bezwen aprantisaj timoun.
- Idantifye resous pou ede satisfè bezwen aprantisaj tout timoun.

**PRE-K  
FOR ALL**

**3-K  
FOR  
ALL**

**NYC**  
Department of  
Education

Nan ki domèn yo pral evalye pitit mwen an?

Zouti evalyasyon otantik mezire 5 domèn aprantisaj pou debitan:



*Apwòch pou aprantisaj* - kòman timoun yo angaje nan eksperyans aprantisaj. Se yon bagay ki enpòtan paske fason timoun apwoche aprantisaj enflyanse devlopman yo nan tout domèn.



*Devlopman sosyal ak emosyonèl* - kòman timoun devlope relasyon ak kòman yo rekonèt ak jere emosyon. Sa yo se konpetans pèmanan ki nesèsè pou devlopman ak aprantisaj.



*Langaj, Literacy and Kominikasyon* - kòman timoun tandè, konprann, ak itilize lang ak lòt abilite pou kominike.



*Entèlijans* - abilite ak konsèp timoun itilize pou òganize ak konprann mond ki antoure yo, tankou matematik, art, syans ak Syans Sosyal.



*Devlopman fizik ak Sante* - konesans ak kapasite timoun devlope pou yo deplase ak rete ansekirite nan anviwònman yo.



Li enpòtan pou ekip anseyan ak moun k ap bay swen yo obsève tout domèn sa yo pou bay sipò endividyèl pou devlopman chak timoun. Domèn sa yo ka lejèman diferan, sa depann laj timoun lan ak zouti pwogram ou an itilize a.

Kòman w ka asosye avèk ekip anseyan pitit ou a sou evalyasyon otantik?

Ou konnen pitit ou a pi byen! Pale avèk ekip anseyan pitit ou a souvan. Lè nou travay ansanm, sa ka ede asire pitit ou a jwenn sipò li bezwen pou l aprann ak grandi.

- Pataje enfòmasyon osijè konesans ak enterè pitit ou a avèk ekip anseyan pitit ou a.
- Si w vle, ou ka pataje deklarasyon kout alekri sou tan w lakay, foto pitit ou k ap jwe, oswa foto travay pitit ou fè.
- Pale sou devlopman pitit ou a avèk pwofesè yo.
- Poze pwofesè pitit ou a kesyon sou evalyasyon otantik yo epi rete ouvè pou ide yo.
- Konsidere kesyon refleksyon pi ba yo:
  - Kouman mwen remake aprantisaj pitit mwen nan aktivite chak jou ?
  - Kòman mwen pataje enfòmasyon avèk ekip anseyan pitit mwen an pou sipòte aprantisaj pitit mwen?

N ap kontan travay avèk ou pou ede pitit ou a grandi pandan tout ane lekòl la!

Se Divizyon edikasyon pou debitan ([Division of Early Childhood Education](#)) ki te pote l pou ou.  
Imèl: [earlychildhood@schools.nyc.gov](mailto:earlychildhood@schools.nyc.gov)

PRE-K  
FOR ALL

3-K  
FOR  
ALL

NYC  
Department of  
Education